УДК 811.352.3
DOI: 10.31007/2306-5826-2021-1-48-37-48

# ЩІЫПІЭ КЪЭЗЫГЪЭЛЪАГЪУЭ ЛЪАБЖЬЭПЭХЭР (ПРЕВЕРБХЭР) АДЫГЭБЗЭМ КЪЫЗЭРЫЩЫГЪЭЛЪЭГЪУА ЩІЫКІЭХЭР

**Шэру Нинэ Гъумар ипхъу**, филологие щІэныгъэхэмкІэ кандидат, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым – Федеральнэ къэрал бюджет щІэныгъэ ІуэхущІапІэ «Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центр» «Федеральнэ щІэныгъэ центрым» и филиалым адыгэбзэ секторым и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжь, nina.sherieva@mail.ru

Лэжьыгъэм и къалэн нэхъыщхьэр щІыпІэ къэзыгъэлъагъуэ адыгэбзэ превербхэр гъэнэхуэнырщ, абыхэм я мыхьэнэр, гъэпсыкІэр, къызэрагъэсэбэп щІыкІэхэр убзыхунырщ. Къэхутэныгъэм убгъуауэ щызэпкърыхащ адыгэбзэ превербхэм морфологие, псалъэщІ щхьэхуэныгъэ яІэхэр. Бзэм и ухуэкІэр дгъэбелджылын папщІэ статьям дыщытопсэлъыхь зи гугъу тщІы превербхэм я къэхъукІэм, икІи этимологие мыхьэнэр, зэрызэхэт Іыхьэхэр къыдогъэлъагъуэ

Адыгэбзэм и нэщэнэ нэхъ гъэщІэгъуэнхэм ящыщ зыщ европеибзэхэми нэгъуэщІ бзэ лІэужьыгъуэхэми кІыхьу, псалъэ зыбжанэкІэ къыщаІуатэ мыхьэнэхэр мыбы зы лэжьыгъэцІэ псалъэщІ закъуэкІэ къэгъэлъэгъуа зэрыщыхъур. Абы къыхэкІкІэ мы лъэныкъуэр джыным адыгэ, кавказ бзэщІэныгъэхэм ямызакъуэу бзэщІэныгъэм и теорием и дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ.

Лэжьыгъэм нэхъыщхьэ дыдэу щІэуэ хэлъхэм ящыщщ япэ дыдэу бзэщІэныгъэхэм я доктор БищІо Б.Ч. зэхилъхьа адыгэбзэ бзэщІэныгъэ фІэщыгъэцІэхэр къызэрыдгъэсэбэпар.

**Зэрыгъуэзэн псалъэхэр**: адыгэбзэ, лъэжьыгъэцІэ, лъабжьэпэ, щІыпІэ преверб, морфологие, бзэщІэныгъэ.

Адыгэбзэм и хьэлщ лэжьыгъэцІэ псалъэпкъхэр щІыпІэ къэзыгъэлъагъуэ превербхэмкІэ къэхъуныр. Адрей абхъаз-адыгэбзэхэми хуэдэу, адыгэбзэм щІыпІэ къэзыгъэлъагъуэ и превербхэр я зэхэлъыкІэкІэ зэмылІэужьыгъуэщ, я бжыгъэкІи куэд мэхъу. Ауэ абхъазыбзэмрэ абазэбзэмрэ къащхьэщыкІыу, мыбдеж щынэхъ мащІэщ преверб-псалъэпкъхэр, язынықъуэхэм превербу, адрейхэм деж – псалъэпкъыу (лэжьыгъэцІэм и лексикэ мыхьэнэ нэхъыщхьэу) къакІуэхэр.

Зи гугъу тщІы превербхэм тетхыхьащ адыгэбзэм елэжьа бзэщІэныгъэлІ цІэрыІуэ зыбжанэ: Джаурджий Хь.З, Дзасэжь Хь.Е., Урыс Хь.Щ., Къумахуэ М.І., н.

1964 гъэм Къумахуэ М.І. къыдигъэкІа «Морфология адыгских языков» лэжьыгъэм щитхащ адыгэбзэм лэжьыгъэцІэхэр нэхъыбэу лъэныкъуэ, щІыпІэ мыхьэнэ къэзыгъэлъагъуэ превербхэмкІэ къызэрыхъур. Къыхэгъэщыпхъэщ авторым преверб куэдым я къэхъукІэр къызэригъэнахуэри [Кумахов: 1964].

ЩІыпІэ къэзыгъэлъагъуэ превербхэр я мыхьэнэр зэпкърыхынымкІэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкІуэкІащ Шэрдан А.Х. [Шорданов: 1981].

Джаурджий Хь.З, Дзасэжь Хь.Е. сымэ я лэжьыгъэм къыщыхъу щІыпІэр, зыхуэунэтІар е къызыбгъэдэкІыр къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэпэ нэхъыщхьэхэу къыщыхагъэщ: *нэ-//ны-, къэ-//къы-, бгъу-ры, бгъэ-ды, дэ-//ды-, и-, пэ-//пы-, те-, Іу-, хэ-//хы-, кІэры-, щы-, щІэ-//щІы, кІэ-лъы, блэ-, гуэ-, пхы-, пхыры-, къуэ-//къу-, щхьэ-щы, щхьэ-пры* [Джаурджий, Дзасэжь 1995: 208–209].

ЛэжьыгъэцІэхэм я къэхъукІэ нэхъыщхьэхэр убгъуауэ щызэпкърихащ Урыс Хь.Щ. «Адыгэбзэм и тхыдэ» лэжьыгъэм. Авторым щІыпІэ къэзыгъэлъагъуэ

лъабжьэпэхэр зэщхьэщех лэжьыгъэцIэ нэхъыбэ // нэхъ мащIэ къызырыхъухэу. Япэ гупым хохьэ *зэгуэ/зэгуы/зэгу, кIэры/кIэр, кIэщIэ/кIэщIы/кIэщI, кIуэцI, кIуэцIыры/кIуэцIыр, къуэ/къуы/къу, бгъэдэ/бгъэды/бгъэд, бгъуры/бгъур, гуэ/гуы/гу, дэ/ды/д, йы/й, пэ/пы/п,* н. ЕтIуанэ гупым хохьэр *блы/бл, жьэдэ/жьэды/жьэд, жьэхэ/жьэхы/жьэх, зэлъы, зэпыры/зэпыр, зэте/зэты/зэт, пэры/пэр, щхьэры/щхьэр,* н. превербхэр [Урыс 2000: 122–124].

1970 гъэм къыдэкIа «Грамматика кабардино-черкесского языка» тхылъми превербхэм раздел щхьэхуэ хухахауэ щытащ [ГКЧЯ 1970: 168–181]. Нэхъ убгъуауэ, кууэ лъэныкъуэ, щIыпIэ къэзыгъэлъагъуэ превербхэр щызэпкърыха хъуащ 2006 гъэм автор зыбжанэ зэхыхьэу ягъэхьэзыра «Кабардино-черкесский язык» къыдэкIыгъэм. Мыбдеж къыщыхьащ превербым и мыхьэнэр, ар зи гъусэу къакIуэ лэжьыгъэцIэхэр, абы гъэпсыкIэ иIэхэр, и къалэнхэр [КЧЯ 2006: 258–268]. Иужьрей илъэсхэми зи гугъу тщIы лъабжьэпэхэр лэжьыгъэ зыбжанэм къыщыгъэлъэгъуа хъуащ [Дзуганова 2005; Дзуганова, Кумыкова 2015; Дзуганова 2019].

А псом къадэкIуэу дэри щIыпIэ къэзыгъэлъагъуэ превербхэм я къэхъукIэм худиIэ ди еплъыкIэр къэтхьынщ.

Адыгэбзэр къызэрыщхьэщыкI щытыкIэу щытщ щIыпIэ къэгъэлъэгъуэныр Iэмал зэриIэкIэ зэрызэхэгъэкIар, псалъэм папщIэ: *тепщэчым и-лъы-н*; *шкафым дэ-лъы-н*; *дагъэм хэ-лъын*; *унэм щIэ-лъы-н*; *шхыIэным кIуэцIы-лъы-н*. Мы щапхъэхэм зэрыщыплъагъущи, предмет зэмылIэужьыгъуэхэм кIуэцIкIэ щыIэ щытыкIэр (*тепщэч*, *шкаф*, *дагъэ*, *унэ*, *шхыIэн*) къэгъэлъэгъуа мэхъу преверб зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ.

Этимологие и лъэныкъуэкIэ превербхэр бгуэш хъунущ япэрейрэ етIуанэрейуэ. Япэрей гупым хохьэ зи щхьэ хущытыж е Iэдэж псалъэ гуэрхэм я псалъэпкъхэм япомыщIэжыф превербхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, *дэ-*, *хэ-*, *и-*, *т*-хэр. ЕтIуанэрей гупыр къагъэхъу цIэ псалъэпкъ щхьэхуэ и къалэн ягъэзащIэу бзэм хэт занэхэм япыщIа превербхэм. Мыбы хохьэхэр *блэ-*, *пэ-*, *лъы-*, *гуэ-*, *кIуэцIы-, Iэпы-*хэр.

Морфемэ зэхэлъыкIэ яIэм тещIыхьа превербхэр бгуэш хъунущ къызэрыкIуэрэ (къытемыкIарэ) зэхэлъу (зэхэту). КъызэрыкIуэ гупым хохьэ япэрей преверб псори етIуанэрейхэм ящыщуи куэд, еплъ: *дэ-*, *хэ-*, *и-*, *те-, блэ-, пы-, лъы-, гуэ-*. Преверб зэхэлъ гупыр къагъэхъу *Iэпы-*, *щхьэщы-*, *бгъэдэ-*, *кIэры-*, *пхыры-* превербхэм хуэдэхэм.

Я зэкIэлъыкIуэкIэкIэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, превербымрэ лэжьыгъэцIэм и лъабжьэ морфемэмрэ я зэпыщIэныгъэм елъытауи, превербхэр гупитIу ягуэш. ЩIыпIэ къэзыгъэлъагъуэ превербхэр ещанэ увыпIэм щытщ, лъэныкъуэ къэзыгъэлъагъуэхэр – еханэу.

ПсалъэпкъыщI морфемэхэм, абы превербхэри хэту, я фонетикэ зэхэтыкIэм и нэщэнэщ ахэр макъ дэкIуашэкIэ е макъзешэ ныкъуэ фонемэкIэ къызэрыригъажьэр. Фономорфологие къэзыухъуреихьым елъытауэ псалъэпкъыщI морфемэхэм я гъэпсыкIэм зехъуэж, абы щыгъуэми фонетикэ зэхъуэкIыныгъэ зыгъуэтыр макъзешэ Iыхьэрщ. Къапщтэмэ, *хэ-дзэ-н*; *хы-з-о-дзэ*; *х-и-дз-ащ* псалъэ гъэпсыкIэхэм *хэ-*, *хы-*, *х-* Iыхьэхэр а зы морфемэм и лIэужьыгъуэхэщ. Мыбыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми адрей лIэужьыгъуэхэм ямыIэ къэзыухъуреихь иIэщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, *хэ-*, *хы-*, *х-* элементхэр дистрибуцэ лейкIэ зэхущытщ. Превербхэм уащытетхыхькIэ гугъущ дапщэщи абыхэм я гъэпсыкIэ лIэужьыгъуэ псори къеббжэкIыну, иджыреибзэм щаIыгъ увыпIэкIэ ахэр псори зэхуэдэ пэтми. Абы къыхэкIкIэ, мыбыхэм я зы лIэужьыгъуэр зэгурыIуауэ нэхъыщхьэу къащтэ а превербыр кърагъэлъагъуэу. *Хы-, хэ-, х-* гъэпсыкIэ лIэужьыгъуэхэм ящыщу нэхъыщхьэу ябжыр *хэ-* лIэужьыгъуэращ. Ар къыщIыхахам нэхъыбэрэ къызэрагъэсэбэпым имызакъуэу тхыдэ Iуэху еплъыкIэкIи щхьэусыгъуэ иIэщ. *Хэ-* лIэужьыгъуэм ущрохьэлIэ масдарым, къызэрыкIуэ псалъэпкъхэм я блэкIа, къэкIуэну зэман гъэпсыкIэхэм; *хы-*, *х-* лIэужьыгъуэхэм тхыдэмкIэ *хэ*-р я къежьапIэщ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэщ адрей лъабжьэужьхэм я лIэужьыгъуэ нэхъыщхьэхэри къызэрыхахыр.

## ЩIыпIэ къэзыгъэлъагъуэ превербхэр

**Превербхэу *дэ-*, *и-*, *хэ-***хэр я мыхьэнэкIэ зы гупу зэхохьэ. Ахэр къызэрыкIуэ превербхэм я категорэм щыщщ, иджырей адыгэбзэхэм зэрахэтымкIэ ахэр генетикэ и лъэныкъуэкIэ зы псалъэ лъэпкъыгъуэ гуэрым пыпщIэфыркъым. АрщхьэкIэ теорие и лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, хуэбгъэфащэ хъунущ къызэрыкIуэ щIыпIэ превербхэр щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ цIэ псалъэпкъхэм къатекIауэ. Апхуэдэу хуэбгъэфэщэну хуит укъещI щIыпIэ мыхьэнэ пыухыкIа зиIэ, зыми емыпха псалъэ ирикъухэр щIыпIэ превербхэм хуэкIуэныр абхъаз-адыгэбзэхэм зэрахьэлым.

КъызэрыкIуэ преверб *дэ-*, *и-*, *хэ-*хэр къагъэсэбэп лэжьыгъэцIэ хъейхэми мыхъейхэми я псалъэпкъым пыту. ЛэжьыгъэцIэ хъейхэм я псалъэпкъым мы превербхэмкIэ къытекIа псалъэпкъхэр къатохъукI, Iуэхугъуэм предметым къыпкърыкI е пкърыхьэ унэтIыныгъэ зэриIэр къагъэлъагъуэу. Мы превербхэр зи гъусэ мыхъей лэжьыгъэцIэ псалъэпкъхэм предмет гуэрым и кIуэцIым щыIэныр къагъэлъагъуэ, псалъэм папщIэ:

*дэ-*: *къалэм ды-хьэ-н*, *къалэм дэ-сын*, *пщIантIэм дэ-кIы-н*, *пщIантIэм дэ-тын*;

*хэ-*: *псым хэ-кIэ-н*, *псым хэ-сы-н*, *ятIэм хэ-нэ-н, уэсым хэ-куэ-н*, *уэсым хэ-ты-н*, *мэзым хы-хьэ-н*, *мэзым хэ-сы-н*;

*и-*: *жыпым и-лъхьэ-н*, *бытулъкIэм и-кIэ-н*, *бытулъкIэм и-лъы-н*, *матэм и-кIутэ-н*, *матэм и-сы-н*.

Мы щапхъэхэм зэрыщыплъагъущи, *дэ-*, *хэ-*, *и-* превербхэм «и кIуэцI» мыхьэнэр яIэщ. Ауэ, гу лъытапхъэщ, мы превербхэр, я мыхьэнэкIэ зыуэ щыт пэтми, преверб-зэмыхьэнэгъу зэхуэхъуркъым. Апхуэдэу щIыщытыр мыбыхэм ящыщ дэтхэнэ зы превербри щыIэцIэхэм я гуп убзыхуам зэрегъэбыдылIарщ. ЛэжьыгъэцIэ псалъэпкъым «и кIуэцI» мыхьэнэр къызэрыкI преверб гуэр хэту къэкIуэныр зэпхар синтаксис зэпыщIэныгъэкIэ лэжьыгъэцIэм епха щыIэцIэращ. Абы щыгъуэми щытыкIэ щхьэхуэхэмкIэ зэпыщIа хъуа гурыIуэгъуэ, зэхэщIыкIыгъэ къэзыгъэлъагъуэ щыIэцIэхэр преверб хэхам епхащ. Абы къыхэкIкIэ дэтхэнэ превербми и къэгъэсэбэпыкIэнур гурыIуэгъуэ зыщIыр абы епха щыIэцIэм и бжыгъэращ (и куэдагъыращ).

Нэхъыбэу узрихьэлIэр лэжьыгъэцIэ псалъэпкъым преверб *хэ*-р хэтын хуейуэ къыпхуэзыгъэув щыIэцIэ гупырщ. Зи гугъу тщIы превербыр лэжьыгъэцIэ псалъэпкъым хэтын хуейуэ къыппэзубыдыр мыпхуэдэ мыхьэнэ зиIэ щыIэцIэхэращ:

1) хьэпшып-пкъахуэ мыхьэнэ: *псы*, *лы*, *хугу*, *нартыху*, *прунж*, *гуэдз*, *мыIэрысэ*, *кхъужь*, *бжьын*, *фо*, *шыгъу*, *фошыгъу*, *махъсымэ*, *санэ*, *жызум*, *щIакхъуэ*, *кхъуей*, *шэ*, *гъущI*, *дыщэ*, *жьы*, *нэху*, *уэс*, *уэшх*;

2) телъагъуэкIа мыхьэнэ: *гукъеуэ*, *гуфIэгъуэ*, *гупсысэ*, *дыхьэшх*, *щIыIэ*, *хуабэ*, *мамырыгъэ*, *пэж*, *пцIы*;

3) къызэщIэзыкъуэ мыхьэнэ: *гуп*, *щIалэгъуалэ*, *зэшхэр*, *ныбжьэгъухэр*, *бийхэр*, *дзэ*.

Нэхъ мыхьэнэ пыухыкIахэр зиIэу къакIуэхэр *и-*, *дэ-* превербхэрщ. Преверб *и*-р зэгъэбыдылIар гъуанэ, зэгуэчыпIэ, зэгуэзыпIэ зиIэ хьэпшып, кууагъ зиIэ зыри зэрымытыж щIыпIэ нэщI, н. къэзыгъэлъагъуэ щыIэцIэхэрщ, псалъэм папщIэ: *бытулъкIэ*, *шакъалъэ*, *шыгъулъэ*, *фошыгъулъэ*, *жып*, *унэ*, *мащэ*, *гъуэ*, *гу*, *машинэ*, *кхъухь*, *кхъухьлъатэ*, *тебэ*, *пэгун*, *тепщэч*, *стэчан*, *матэ*.

*Хэ-*, *и-* превербхэм елъытауэ преверб *дэ*-р нэхъ мащIэрэ къагъэсэбэпхэм ящыщщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ я бжыгъэкIэ абы егъэбыдылIауэ къакIуэ щыIэцIэхэр куэд хъуркъым. Преверб *дэ*-р лэжьыгъэцIэ псалъэпкъым хэтын хуейуэ мыпхуэдэ щыIэцIэхэм къалэн къагъэув: *къуажэ*, *къалэ*, *пщIантIэ*, *ныджэ*, *псыхъуэ*, *уэрам*, *пхъуантэ*, *шкаф*.

ПсалъэгъэпсыкIэ лIэужьыгъуэхэу *(и)щIыб*, *(и)щIыбагъ*, *языхуаку* жыхуиIэхэми преверб *дэ*-р щыIэн хуейуэ къыппаубыдыр, псалъэм папщIэ: *абы и щIыб къыдэуващ; абы и щIыбагъым сыдэсщ*; *къалэр пситIым я зэхуакум дащIыхьащ*.

**Преверб *щIэ*-**м къегъэхьу лэжьыгъэцIэ псалъэпкъ хьейхэри мыхьейхэри, абы лэжьыгъэцIэм и псалъэпкъым «*щIагъ, лъабжьэ*» мыхьэнэ хелъхьэ (елъыт: *щIэ* «лъащIэ»): *мывэфIамыщIыр щIым щIэлъщ*; *пхъэщхьэмыщхьэр щIыунэм щIалъхьащ*; *щIалэр жыг щIагъым щIэсщ*.

**Преверб *т(е)*-**р къагъэсэбэп лэжьыгъэцIэ хьейхэми мыхьей лэжьыгъэцIэхэми ядэщIыгъуу, абы уегъэлъагъу лэжьыгъэр предметым и щIыIумкIэ зэрыщекIуэкIыр, псалъэм папщIэ: *те-сын*, *те-лъын*, *те-кIын*, *те-хын*, *те-щIэн*, *те-лъхьэн*.

ЩIыпIэ къэзыгъэлъагъуэ *дэ*-, *хэ*-, *и*- превербхэм, иIэ теплъэм емылъытауэ, предметым и кIуэцIым щыIэ е щекIуэкI Iуэхугъуэ къэзымыгъэлъэгъуэфхэм (нэгъуэщIу жыпIэмэ, щыIэцIэм и мыхьэнэм епхауэ щытхэм), къащхьэщыкIыу, преверб *т(е)*-м къегъэлъагъуэ предметым, абы сыт хуэдэ щытыкIэ имыIэми, и щIыIум щекIуэкI е щыIэ лэжьыгъэ, псалъэм папщIэ: *псым т-е-лъын*; *псым хэ-лъын*; *матэм т-е-лъын*; *матэм и-лъын*; *пхъуантэм т-е-лъын*; *пхъуантэм дэ-лъын*.

**Преверб *щы*-**р къагъэсэбэп лэжьыгъэцIэ хьейхэми мыхьейхэми я псалъэпкъым дэщIыгъуу. Абы и сэбэпкIэ къохъу лэжьыгъэцIэ хьейхэм я псалъэпкъым и лексикэ гъэпсыкIэ нэхъыщхьэр: *щысын*, *щытын*, *щылъын*.

Мы лэжьыгъэцIэхэм *щы*- превербым щIыпIэ мыхьэнэ щиIэкъым. Абы щыхьэт тохъуэ преверб *щы*-м и фIыгъэкIэ къэхъуа мы лэжьыгъэцIэ хьейхэр зи субъектым и пыухыкIа щIыпIэ къыщымыгъэлъэгъуа псалъэухам къызэрыщагъэсэбэпыр: *ар жэщкIэ куэдрэ щысщ*; *сэ нобэ сыщысщ* (нэгъуэщIу жыпIэмэ, *сылажьэркъым*, *зызогъэпсэхур*).

Преверб *щы*-м езым и щIыпIэ мыхьэнэр имыIэжыныр нэхъ иужькIэ къэхъуа Iуэхущ. Преверб *щы*-м япэм уигъэлъагъурт Iуэхугъуэр предметым и щIыIумкIэ къызэрыщыхъур, зэрыщалэжьыр. А хуэгъэфэщэныгъэм и тегъэщIапIэ нэхъыщхьэу мэув а превербым нобэр къыздэсым езым и этимологиекIэ иIа мыхьэнэм и лъэужьыр зэрихъумэр. ИщхьэкIэ къызэрыщыгъэлъэгъуащи, превербым уегъэлъагъу предметым и щытыкIэм емылъытауэ абы и щIыIумкIэ Iуэхугъуэр зэрыщекIуэкIыныр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, а превербым епхауэ къакIуэ щыIэцIэ гупым я бжыгъэр гъунапкъэншэщ.

АрщхьэкIэ цIэхэм щыщу хэкIыгъэ мэхъу *щIы* псалъэр. ЩIы щIыIум щиIэ щытыкIэр къэбгъэлъагъуэ хъунущ преверб *щы*-кIэ къэхъуа лэжьыгъэцIэ хьейхэм я псалъэпкъхэмкIэ, еплъ: *щIым щысын*; *щIым щылъын*.

Преверб *щы*-м иIа мыхьэнэр хъума щохъур лэжьыгъэцIэ мыхьей зыбжанэм, псалъэм папщIэ: *щыхун*, *щыдзын*, *щыхъуэн*, *щыцIэлъын*, *щытIэгъэн*.

Мы преверб дыдэр хэтщ лэжьыгъэцIэхэм: *щыкIын, щыуэн.*

Аращи, преверб *щы*-р и тхыдэкIэ щIыпIэ превербу щытащ.

Абы къикIыращи, предметым и щIыIум щрагъэкIуэкI Iуэхугъуэр лэжьыгъэцIэм преверб *т*-м имызакъуэу преверб *щы*-кIи къыщыгъэлъагъуа мэхъу.

Нэрылъагъущ предметым и кIуэцIым щыIэ щытыкIэмрэ щалэжь Iуэхугъуэмрэ а предметхэм я теплъэм елъытауэ преверб зэмыщхьхэмкIэ къагъэлъагъуэу зэрыщытар. Арыншамэ, а «щысын» лэжьыгъэцIэм и гъусэу преверб зэмыщхьэр къыщIагъэсэбэпыр къыжыпIэну гугъу мэхъу.

Абы ехьэлIауэ гу зылъыуегъатэ ***щхьэ-щы***- преверб зэхэлъым. Абы и япэ Iыхьэр *щхьэ* псалъэм епхащ, етIуанэр *щы*- превербырщ. ЯзыныкъуэкIэрэ къэхъугъэхэм преверб *щхьэщы*-р къыщокIуэ преверб *щы*-м и мыхьэнэгъуу, абы ипкъ иткIэ гурыIуэгъуэ мэхъу иужьрейм и япэрей мыхьэнэр, псалъэм папщIэ: *бгым щхьэщыхун*, *бгым щыхун*.

**Преверб *фIэ*-**м лэжьыгъэцIэ хьейхэми мыхьейхэми я псалъэпкъхэр къегъэхьу. Мы лъабжьэпэм и фIыгъэкIэ къэхъуа лэжьыгъэцIэхэм я псалъэпкъхэм къагъэлъагъуэр:

предметым и щIыIум е и кIапэ дыдэм щыIэ щытыкIэ е щекIуэкI Iуэхугъуэ: *фIэлъын*, *и пэм фIэтын*;

предметым и щIыIум щыIэ щытыкIэ: *блыным фIэлъын* (къызэрикI дыдэу: блыным телъын); *кIапсэм фIэлъын* (къызэрикI дыдэу: кIапсэм телъын); *пыщIэн; фIэдэн; фIэсысыхьын*.

Абы нэмыщIкIэ, *фIэ-* преверб зэхэт лэжьыгъэцIэ хьейхэм я псалъэпкъхэм, зыгуэрым и щIыIу е предметым и кIапэ дыдэм къыщыхъу Iуэхугъуэ; предметым и папцIапIэм, абы и кIапэм хуэунэтIа, е предметым и кIапэмкIэ къикI Iуэхугъуэ: *фIэлъхьэн*, *фIэкIын*, *фIэхын*.

Езым и макъ зэхэлъыкIэкIэ щIыпIэ преверб *фIэ*-р ещхьщ зыхуэгъэза категорэм и лъбжьэгъусэ *фIэ*-м, елъыт: *фIэдзын* «зыгуэрым фIэлъыр, фIэдзар пыпхъуэту дзын, пыдзын» // *фIэдзын* «зыгуэр хуэмейуэ, фIэмыфIу зыгуэр дзын»: *щхьэфIэпхыкIыр фIэдзын*; *кIапсэм фIэлъ жьыщIыгъэр фIэдзын*; *топыр фIэдзын; башыр фIэдзын; фIэдэн* «зыгуэрым и кIапэм зыгуэр пыдэн» // *фIэдэн* «зыгуэрым имыдэу, фIэмыфIу зыгуэр дын». Нэрылъагъущ макъ гуэрхэм захъуэжкIэрэ лъабжьэгъусэхэр IукIэзэщхь зэрызэхуэхъуар.

**Преверб *пы-*.** Мы превербымкIэ къэхъуа лэжьыгъэцIэ псалъэпкъхэм къагъэлъагъуэ зыгуэрым и пэмкIэ щыIэ щытыкIэрэ щекIуэкI Iуэхугъуэрэ, псалъэм папщIэ: *пытын* «зыгуэрым пищэу зы гъунапкъэ гуэр яIэу щытын; н.ж. и пэм иту щыIэн, щытын»; *пысын* «зыгуэрым и кIапэм тесу щытын; н.ж. и пэмкIэ щысын»; *пыхьэн* «зыгуэр зыгуэрым пыувэн, зэхуаку имыIэу екIуэлIэн, н.ж. и пэмкIэ пыувэн»; *пыхын* «щыхын, фIэхын и гупэмкIэ», *пыдэн* «и гупэмкIэ пыдзэн».

Преверб *пы*-р абхъазыбзэми абазэбзэми къыщагъэсэбэпыр, а мыхьэнэ дыдэр къигъэлъагъуэу, псалъэм папщIэ: абхъазыбзэм *а-пылара* «IущIэн, хуэкIуэу пежьэн».

Абхъаз-адыгэзэдаибзэм преверб *пы*-м къежьапIэ щыхуэхъуащ *пэ* цIэ псалъэпкъыр: хуэпхь хъунущ кIахэбзэ-къэбэрдей-шэрджэсыбзэ *пэ*, абхъаз-абазэбзэ *а-пынцIа* «пэ», «зыгуэрым ипэ ит Iыхьэ».

Езым и мыхьэнэкIэ *пы-* превербыр *фIэ-* превербым пэгъунэгъущ. Мы превербхэм, языныкъуэхэм деж, зым и пIэ адрейр ибгъэувэфынущ, псалъэм папщIэ:

| | |
|---|---|
| *жыг щхьэкIэм пысщ*<br>*жыг щхьэкIэм фIэсщ* | «жыг щхьэкIэм тесын» |
| *бжэгъум пылъщ*<br>*бжэгъум фIэлъщ* | «бжэгъу кIапэм щыIэн» |
| *къудамэм пыщIэн*<br>*къудамэм фIэщIэн* | «къудамэм епхын, пыщIэн» |

**Преверб зэхэлъ *хыфIэ*-р** къызэрыкIуэ преверб *хы*-рэ *фIэ*-уэ зэхэтщ. Абы хыхьэ Iыхьэхэр лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэми лъэмыIэсхэми я псалъэпкъхэм къыщыкIуэу щытми, преверб зэхэлъ *хыфIэ*-р зыпыщIа хъур зекIуэныгъэ мыхьэнэ зиIэ языныкъуэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэм я псалъэпкъ къудейхэрщ. Преверб зэхэлъ *хыфIэ*-м и мыхьэнэри къыхэкIыркъым абы хыхьэ преверб къызэрыкIуэхэу *хы*-мрэ *фIэ*-мрэ я мыхьэнэхэр зэуIу пщIыкIи, елъыт: *хыфIэ-хуэ-н* «хуабжьу дзын, тедзэн, хыфIэдзэн» (*ху-н* лэжьыгъэцIэ псалъэпкъым къытекIащ); *хыфIэ-дзэ-н* «бдзыуэ зыгуэр утIыпщын, хыфIэутIыпщхьэн, зыIэщIэгъэкIын» (*дзы-н* лэжьыгъэцIэ псалъэпкъым къытекIащ). Зэрынэрылъагъущи, преверб *хыфIэ*-кIэ къэхъу лэжьыгъэцIэм и псалъэпкъым макъзешэ *ы*-р *э*-м щыхуокIуэ.

**Преверб *пэры*-**м хохьэ цIэм къытекIа преверб *пэ*-мрэ *ры*- Iыхьэмрэ. *Ры*-Iыхьэр цIэм къытекIа превербымрэ лэжьыгъэцIэ псалъэпкъымрэ я зэпылъыпIэм къыдэхъуэ фонетикэ пыхъуэу къыщIэкIынущ. Илъабжьэм зэрыщытлъагъунущи, сонорнэ макъ дэкIуашэ куэдрэ цIэм къытекIа щIыпIэ превербхэм къапоувэ. И мыхьэнэкIэ *пэры*-превербыр пэгъунэгъущ *пы*- превербым, псалъэм папщIэ: *пэрытын*; *пэрылъын*; *пэрыхьэн*; *пэрылъэдэн*; *пэрылъхьэн.*

Зэхэлъу къакIуэ **преверб *пэщIэ*-**р къызэрыкIуэ превербитIу, *пэ*-рэ *щIэ*-уэ, зэхэтщ. А превербым иджыреибзэм щиIэ мыхьэнэр къэхъуркъым абы и Iыхьэхэм яIэ мыхьэнэхэр зэхэплъхьэу зы пщIыкIэ. ЕтIуанэ Iыхьэ *щIэ*-м и мыхьэнэр фIэкIуэдащ, преверб *пэ*-м щыпыувэм. Преверб *пэщIэ*-р поувэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэми лэмыIэсхэми я псалъэпкъхэм, псалъэм папщIэ: *пэщIэдзын* «зыгуэрым и пэкIэ щылъыр къыIудзын, къыщIэутIыпщыкIын»; *пэщIэкIын* «зыгуэрым и пэм икIын, къыпэщIэкIуэтын»; *пэщIэхын* «зыгуэр и пэм ихын, къэщтауэ Iухын»; *пэщIэлъэдэн* «зыгуэрым и пэм жэрыгъэкIэ ихьэн»; *пэщIэкIуэтэн* «зыгуэрым и пэмкIэ пэщIыхьэн е екIуэтэлIэн»; *пэщIэтын* «и гупэмкIэ пэувауэ щытын».

Мы дызытепсэлъыхь преверб зэхэлъым иIэщ нэгъуэщI фонетикэ IукIэу *пыщIэ*-, елъыт*: пэщIэхуэн* // *пыщIэхуэн*; *пэщIэувэн* // *пыщIэувэн.*

**Преверб *къуэ*-.** ЛэжьыгъэцIэ лъабжьэгъусэхэу мы щIыпIэ превербыр пыувэкIэрэ къэхъухэм къагъэлъагъуэ предмет гуэрым и къуагъ е зыгуэрым и щIыбагъ щиIэ щытыкIэрэ щекIуэкI Iуэхугъуэрэ, апхуэдэуи предметым и щIыбагъымкIэ гъэза е абыкIэ къикI унэтIыныгъэ. Щапхъэхэр: *къуэлъын* «предмет гуэрым и къуагъым зыгуэр щыщылъын, щыщыIэн»; *къуэсын* «предмет гуэрым и щIыбагъым дэсын, и къуагъ гуэрым деж щысын»; *къуэтын* «предмет гуэрым и щIыбагъым дэтын, и къуагъ щыщытын»; *къуэщIыхьын* «зыгуэрым и щIыбкIэ, щIыбагъымкIэ зыгуэр щыщIын, щыухуэн»; *къуэхьэн* «зыгуэр пхьыурэ къуэгъэнапIэм къыщыгъэхутэн»; *къуэкIын* «укIуэурэ зыгуэрым и къуагъым блэкIын, фIэкIын».

ЩIыпIэ преверб *къуэ*-р генетикэкIэ епхащ *къуагъ* псалъэужьым, «зыгуэрым и щIыбкIэ», «адрей и лъэныкъуэмкIэ щыIэ щIыпIэ, къуэгъэнапIэ» зи мыхьэнэм: елъыт: *унэ къуагъым* «унэм и щIыбагъым» // *и къуагъ* «абы и щIыбкIэ, щIыбымкIэ».

**Преверб *лъы*-**р къызытекIар адыгэзэдаибзэм и цIэ псалъэпкъ *лъэ*-ращ, «лъэкъуампIэ», «лъакъуэ», «зыгуэрым и , лъащIэ» мыхьэнэхэр къигъэлъагъуэу. Преверб *лъэ*-м и фIыгъэкIэ къохъур лэжьыгъэцIэ хьейхэм я псалъэпкъхэр, абыхэм зыгуэрым и ужь ит, къыкIэлъыкIуэ лэжьыгъэ, кIуэныгъэ къагъэлъагъуэ: *лъыщIэхьэн* «зыгуэрым кIэлъыкIуэурэ, кIэлъыжэурэ кIэщIыхьэн»; *лъыкIуэтэн* «зыгуэрым и ужь иту кIуэн, кIуэтэн».

ЩIыпIэ преверб *лъы*-м и этимологие мыхьэнэр хъума щыхъуащ мыпхуэдэ къытекIа псалъэпкъхэм: *лъытIэгъэн* (лъакъуэм (вакъэ) фIэлъхьэн); *лъыхын* (лъакъуэм лъыгъыр фIэхын). Елъыт: *Iыхын* «зыгуэрым зыгуэр къыIэщIэхын, зрегъэтын», *щхьэрытIэгъэн* «зыгуэр (пыIэ с.ху.) щхьэм фIэлъхьэн».

Преверб *лъы*-р гуэгъу хуохъу лэжьыгъэцIэ мыхьейхэм я псалъэпкъхэм ящыщу псалъэпкъ *гъ*-м: *вакъэ слъыгъщ* (си лъакъуэм вакъэ лъытIэгъауэ щытщ).

**Преверб зэхэлъ *кIэлъы*-**р къызэрыкIуэ превербитIу зэхэтщ: *кIэ*- + *лъэ.* И мыхьэнэкIэ *кIэлъы*- превербыр *лъы*-превербым пэгъунэгъущ: *кIэлъыжэн* «зыгуэрым и ужь иту жэн»; *кIэлъыхьын* «зыгуэрым и ужь иту, кIэлъыкIуэу зыгуэр хьын, иужькIэ зыгуэрым зыгуэр хуэхьын»; *кIэлъыдзын* «зыгуэрым кIэлъыкIуэу е иужьымкIэ зыгуэр дзын».

Зыгуэрым и ужькIэ къэхъу Iуэхугъуэ, зекIуэныгъэ *лъы*- превербым и закъуэкIэ къэгъэлъэгъуэныр бзэм и пасэрей щытыкIэщ. А превербым и къалэныр превербитIым – *кIэ*-мрэ *лъы*-мрэ – ятегуэша хъуныр иужькIэщ къыщежьар. Абы щыхьэт тохъуэ зэмыхьэнэгъухэу къакIуэ псалъэпкъхэм къатекIа лIэужьыгъуэхэр: *лъыщIэхьэн* // *кIэлъыщIэхьэн*; *лъыкIуэтэн* // *кIэлъыкIуэтэн*; *лъехьэжьэн* // *кIэлъехьэжьэн.*

Адыгэзэдаибзэм хэтакъым зэхэлъу къакІуэ *кІэлъы-* превербыр. Адыгэзэдаибзэм а и щытыкІар нобэр къыздэсым кІахэбзэм къыщызэтенащ, елъыт: кІахэбзэм *лъыджэн,* адыгэбзэм *кІэлъыджэн* «ІукІыжым, ппэІэщІэ хъум еджэн».

**Преверб *блэ*-**р къызытекІар цІэ псалъэпкъырщ, елъыт: *блэ* «Іэблэ». Мы *блэ*-превербымкІэ къохъу лэжьыгъэцІэ хьейхэм я псалъэпкъхэр, Іуэхугъуэр зыгуэрым пэгъунэгъуу, и бгъумкІэ блэкІыу кІуэныгъэ мыхьэнэ къагъэлъагъуэу: *блэлъэтын* «лъэтауэ зыгуэрым блэкІын»; *блэхын* «зыгуэрым пэгъунэгъуу блэкІыу зыгуэр хьын»; *блэжын* «жэурэ зыгуэрым блэкІын»; *блэшын* «зыгуэр пшэурэ зыгуэрым блэкІын».

Мы дызытепсэлъыхь превербыр убыхыбзэми хэтщ, ауэ абы нэгъуэщІ мыхьэнэщ къыщигъэлъагъуэр, елъыт: убыхыбзэ *сы-бла-с* «сэ зыгуэрым и кІуэцІым, и кум сисщ, сыщыІэщ»; *сы-бла-лъ* «сэ зыгуэрым и кІуэцІым, и кум силъщ»; *сы-бла-т* «сэ зыгуэрым и кІуэцІым ситщ, сыщыІэщ».

**Преверб *гуэ*-**м къежьапІэ хуэхъуащ *гу-* цІэ псалъэпкъыр, «цІыхум, шэрыпІ псэущхьэхэм, тхы къупщхьэ зиІэхэм я лъыр мардэм тету зезыгъакІуэу бгъэм илъыр» (елъыт: убыхыбзэм и преверб *гь*-р къызытекІар убых цІэ псалъэпкъ *гьы*-щ «гу»). Преверб *блэ*-м къыщхьэщыкІыу, преверб *гуэ*-р къагъэсэбэп лэжьыгъэцІэ хьейхэми мыхьейхэми я псалъэпкъхэм я гъусэу. ЛэжьыгъэцІэ мыхьейхэм я псалъэпкъхэм преверб *гуэ*-р хэту къыщыкІуэм деж, абыхэм зыгуэрым и бгъумкІэ щыІэ щытыкІэ къагъэлъагъуэ, псалъэм папщІэ: *гуэсын* «зыгуэрым и гъунэгъуу, и бгъумкІэ щысын»; *гуэтын* «зыгуэрым и гъунэгъуу, и бгъумкІэ щытын»; *гуэлъын* «зыгуэрым и гъунэгъуу, и бгъумкІэ щылъын».

Преверб *гуэ*-кІэ къэхъуа лэжьыгъэцІэ хьейхэм я псалъэпкъхэм къагъэлъагъуэ предметым щыщ хъуныгъэ, абы къыпыщхьэхукІыныгъэ, хуэкІуэныгъэ е абы къыбгъэдэкІыныгъэ мыхьэнэхэр, псалъэм папщІэ: *гуэщІэн* «зыгуэрым зыгуэр епхауэ щыухуэн»; *гуэдэн* «зыгуэрым зыгуэр пыдэн»; *гуэхьэн* «зыгуэрым щыщ хъун»; *гуэхын* «зыгуэрым зыгуэр пэІэщІэ щІын»; *гуэувэн* «зыгуэрым пэгъунэгъуу зыгуэр увын»; *гуэун* «зыгуэрым и бгъум зыгуэр кІэрыхун».

**Преверб *кІуэцІы*-**р къызытекІар псалъэпкъ *кІуэцІ* жыхуиІэращ. *КІуэцІ* цІэ псалъэпкъыр къытекІащ, мыпхуэдэу зэхэтщ: *кІуэ* + *цІы*. Япэ Іыхьэ *кІуэ*-р пыщІащ абхъаз-абазэбзэм и *кІуа* «гуфІакІэ» псалъэпкъым. Абхъаз-абазэбзэ псалъэпкъым и къежьапІэ хъуар щІыпІэ преверб *кІуа*-рщ, елъыт: абхъ. *а-кІуа-ла-ра* «и гуфІакІэм щыІэн (дэлъын)». Преверб *кІуэ-цІы*-м и етІуанэ Іыхьэм и къэхъукІэр зэхэщІыкІыгъуэ дыдэу щыткъым. Ар и мыхьэнэкІи, и фонетикэ теплъэкІи абхъаз-абазэбзэм и *а-цІа* «щІагъ, щІэ» цІэм хэплъагъуэ преверб *цІа*-м ещхьщ.

*КІуэцІы-* превербымкІэ къохъу мыхъей лэжьыгъэцІэхэм я псалъэпкъхэр, зыгуэрым (предметым) и кІуэцІымкІэ щыІэныгъэ къагъэлъагъуэу, псалъэм папщІэ: *кІуэцІытын* «зыгуэрым кІуэцІыувауэ щытын, и кІуэцІым щыІэн»; *кІуэцІысын* «зыгуэрым и кІуэцІым щыщысын»; *кІуэцІылъын* «зыгуэрым и кІуэцІым щыщыІэн, щыщылъын».

ЛэжьыгъэцІэ хьейхэм я псалъэпкъхэм преверб *кІуэцІы*-р щапыувэкІэ къагъэлъагъуэ Іуэхугъуэр предметым и кІуэцІым къыщыхъуу, и кІуэцІымкІэ унэтІыныгъэ, е предметым и кІуэцІымкІэ къикІыныгъэ, псалъэм папщІэ: *кІуэцІыдэн* «зыгуэрым и кІуэцІым мастэІуданэкІэ зыгуэр иІулІэн, зыгуэрым кІуэцІылъхьауэ дын, къэдыхьын»; *кІуэцІылъхьэн* «зыгуэр къешэкІын, зыгуэрым и кум зыгуэр илъхьэн»; *кІуэцІыхын* «зыкІуэцІылъым къихын»; *кІуэцІыІун* «зыгуэрым зыгуэр хэІун»; *кІуэцІыкІын* «зыщІыпІэ къыхэкІыжын, къыщІэкІыжын, пхрыкІын»; *кІуэцІыхьэн* «зыгуэрым и кІуэцІым ихьэн».

**Преверб *кІуэцІыры*-**. Мы превербым хэт *р-* Іыхьэр – пыхъуэщ. Преверб къэдгъэлъэгъуамкІэ къохъу лэжьыгъэцІэ хьейхэм я псалъэпкъхэр, зыгуэрым (предметым) кІуэцІрыкІ, пхыкІ унэтІыныгъэ, лэжьыгъэ къагъэлъагъуэу, псалъэм папщІэ: *кІуэцІ(ы)рыкІын* «зыгуэрым и кІуэцІымкІэ пхыкІын»; *кІуэцІ(ы)рыжын* «зыгуэрым и кІуэцІымкІэ пхыжын»; *кІуэцІ(ы)рыплъын* «зыгуэрым и кІуэцІымкІэ

пхыплъын»; *кIуэцI(ы)рыщIыкIын* «зыгуэрым и кIуэцIымкIэ гъуэгу пхыщIыкIын, пхыудын».

**Преверб *пхы*-р** и мыхьэнэкIэ пэгъунэгъущ преверб *кIуэцIыры*-м, псалъэм папщIэ: *пхыкIын* // *кIуэцI(ы)рыкIын* «зыгуэрым и кIуэцIымкIэ пхрыкIыу кIуэн»; *пхыжын* // *кIуэцI(ы)рыжын* «зыгуэрым и кIуэцIымкIэ пхрыкIыу жэн»; *пхышын* // *кIуэцI(ы)рышын* «зыгуэрым и кIуэцIымкIэ пхрыкIыу зыгуэр ишын»; *пхылъэфын* // *кIуэцI(ы)рылъэфын* «зыгуэрым и кIуэцIымкIэ пхрыкIыу зыгуэр илъэфын».

Мы превербым *ры*- пыхъуэ хэувауэ *пхыр*- теплъэр иIэу къэкIуэфынущ, псалъэм папщIэ: *пхыудын* // *пх(ы)рыудын* «зыгуэрым уеуэурэ гъуанэ пхрыщIыкIын»; *пхыхын* // *пх(ы)рыхын* «зыгуэрым гъуанэ пхыщIыкIын»; *пхыплъын* // *пх(ы) рыплъын* «зыгуэрым укIуэцIрыплъурэ лъагъун».

**Преверб *Iу*-мрэ** адыгэ лэжьыгъэцIэ хъейм *Iуэ-н* «жыIэн, псэлъэн» жыхуиIэм и псалъэпкъымрэ я къэхъукIэкIэ зыщ. Преверб *Iу*-ми лэжьыгъэцIэ псалъэпкъ *Iуэн*-ми я къежьапIэщ адыгэзэдаибзэм и *Iу* «жьэ» цIэ псалъэпкъыр.

ЛэжьыгъэцIэ мыхъейхэм я псалъэпкъхэм *Iу*- преверб щапыувэкIэ зыгуэрым и гъунэгъуу щыIэныгъэ мыхьэнэ къагъэлъагъуэ, псалъэм папщIэ: *Iутын* «зыгуэрым и гупэм, и IухьэпIэм деж щытын»; *Iусын* «зыгуэрым и гупэм, Iуфэм деж щысын»; *Iулъын* «зыгуэрым и гъунэгъуу щылъын, бгъэдэлъын».

ЛэжьыгъэцIэ хъейхэм я псалъэпкъхэм преверб *Iу*-р щащIыгъукIэ предметым и гъунэгъу Iуэхугъуэ, предметым хуэкIуэныгъэ, е абы къыбгъэдэкIыныгъэ къагъэлъагъуэ, псалъэм папщIэ: *Iуувэн* «зыгуэрым и гупэм деж щыувын»; *Iухын* «зыгуэр зэщIэкъуэжын, IугъэкIуэтыжын, щIэхыжын, IугъэкIуэтын»; *Iухьэн* «зыгуэрым и гупэм, и IухьэпIэм деж екIуэлIэн»; *IукIын* «зыгуэрым пыIукIуэтын, пэщIэкIын, бгъэдэкIын».

**Преверб *бгъэдэ*-р** зэхэлъу къакIуэхэм ящыщщ. *Бгъэдэ*-м и япэ Iыхьэр къызытекIар *бгъэ*- цIэ псалъэпкъырщ. Мы превербым и етIуанэ Iыхьэр адыгэзэдаибзэм и щIыпIэ къэзыгъэлъагъуэ *дэ*- превербыращ, псалъэм папщIэ: *пщIантIэм дэтын.*

И мыхьэнэкIэ *бгъэдэ*- превербыр пэгъунэгъущ *Iу*- превербым. Мыхъей лэжьыгъэцIэхэм я псалъэпкъхэм мы превербыр щапыувэкIэ предмет гуэрым и гъунэгъу щытыкIэ къагъэлъагъуэ, псалъэм папщIэ: *бгъэдэтын* «зыгуэрым и гъунэгъуу щытын»; *бгъэдэсын* «зыгуэрым и гъунэгъуу щысын»; *бгъэдэлъын* «зыгуэрым и гъунэгъуу щылъын».

Преверб *бгъэдэ*-р зи гъусэ лэжьыгъэцIэ хъейхэм я псалъэпкъхэм къагъэлъагъуэ предметым къыбгъэдэкI е предметым хуэкIуэ унэтIыныгъэ, псалъэм папщIэ: *бгъэдыхьэн* «зыгуэрым гъунэгъу зыхуэщIын»; *бгъэдэкIын* «зыгуэрым пэIэщIэ зыхуэщIын»; *бгъэдэдзэн* «зыгуэрым пэгъунэгъуу зыгуэр дзын»; *бгъэдэхын* «зыгуэрым бгъэдэлъ гуэр Iухын».

И мыхьэнэкIэ преверб *бгъэдэ*-р пэгъунэгъущ *пэры*-м, елъыт: *бгъэдэсын*, *пэрысын* «зыгуэрым и гупэмкIэ е и гъусэу, и гъунэгъуу щысын».

Елъыт: убых *сыбгъас* «зыгуэрым и щIыIу сисщ»; *сыбгъалъ* «зыгуэрым и щIыIум, и щыгум сытелъщ»; *сыбгъат* «зыгуэрым и щIыIум сытетщ, сыщыIэщ».

**Преверб *бгъуры*-.** Мы превербым и япэ Iыхьэр *бгъу* «джабэ» псалъэм къытекIащ; *р*- Iыхьэр пыхъуэщ. Мыхъей лэжьыгъэцIэхэм я псалъэпкъхэми лэжьыгъэцIэ хъейхэм я псалъэпкъхэми я гъусэу къагъэсэбэп. Мы превербымкIэ къэхъуа псалъэпкъхэм ибгъукIэ, пэгъунэгъуу щыIэныгъэ е предметым ибгъу лъэныкъуэм егъэщIылIа Iуэхугъуэ къагъэлъагъуэ. Щапхъэхэр: *бгъурысын* «зыгуэрым пэгъунэгъуу щысын»; *бгъурытын* «зыгуэрым пэгъунэгъуу щытын»; *бгъурылъын* «зыгуэрым пэгъунэгъуу щытын»; *бгъурыхьэн* «зыгуэрым пэгъунэгъу зыгуэр щIын»; *бгъурытIысхьэн* «зыгуэрым пэгъунэгъуу тIысын»; *бгъурыщIэн* «зыгуэрым и гъунэгъуу, ибгъумкIэ зыгуэр пыщIэн, щыухуэн».

УнэтIыныгъэ къэзыгъэлъагъуэ лэжьыгъэцIэхэм преверб *бгъуры*-р *блэ*-превербым и мыхьэнэгъуу къыщокIуэ, псалъэм папщIэ: *бгъурыхын* // *блэхын*; *бгъурыкIын* // *блэкIын*; *бгъурыжын* // *блэжын*.

**Преверб *кIэры*-**р цIэм къытекIа *кIэ-* Iыхьэмрэ («зыгуэр щиух, иужь ит, языныкъуэ псэущхьэхэм я пкъыр зэриухыу пытыр») фонетикэ пыхъуэ *р-* Iыхьэмрэ зэхохьэри къагъэхъу. Мы превербыр зи гъусэу къакIуэ лэжьыгъэцIэ псалъэпкъхэм зыгуэрым и щIыIум, и кIэм (и джабэм), егъэзыхыгъуэ гуэрым, зыгуэрым и гъунэгъуу щыIэ щытыкIэрэ къыщыхъу Iуэхугъуэрэ къагъэлъагъуэ, псалъэм папщIэ: *кIэрысын* «зыгуэрым и щхьэм/джабэм къытесын/кIэрысын»; *кIэрыщIэн* «зыгуэрым и джабэмкIэ зыгуэр егъэубыдын»; *кIэрылъхьэн* «зыгуэрым и джабэмкIэ зыгуэр егъэубыдын»; *кIэрыгъуэлъхьэн* «зыгуэрым и джабэмкIэ, и бгъумкIэ щыгъуэлъын».

**Преверб *жьэхэ-*.** Япэ Iыхьэм къежьапIэ хуэхъуащ *жьэ* цIэ псалъэпкъыр, етIуанэ Iыхьэр адыгэзэдаибзэм и къызэрыкIуэ щIыпIэ преверб *хэ*-рщ (кIахэ-адыгэ *псым хэсын*). И мыхьэнэкIэ *жьэхэ-* преверб зэхэтыр япэгъунэгъущ *Iу-*, *бгъэдэ-* превербхэм.

Преверб *жьэхэ-* зи гъусэ мыхъей лэжьыгъэцIэхэм я псалъэпкъхэм зыгуэрым и гъунэгъуу щыIэныгъэ къагъэлъагъуэ, псалъэм папщIэ: *жьэхэтын* «зыгуэрым и пащхьэ итын»; *жьэхэсын* «зыгуэрым и пащхьэ исын».

Преверб *жьэхэ*-р лэжьыгъэцIэ хъейхэм я псалъэпкъхэми япыту къагъэсэбэп, псалъэм папщIэ: *жьэхэхьэн* «гъунэгъубзэу зыгуэрым бгъэдыхьэн», *жьэхэлъэдэн* «гъунэгъубзэу зыгуэрым бгъэдэлъэдэн», *жьэхэкIуэтэн* «гъунэгъубзэу зыгуэрым бгъэдэкIуэтэн».

**Преверб *щхьэдэ-*.** Япэ Iыхьэр къызытекIар адыгэзэдаибзэ псалъэпкъ *щхьэ*-ращ, етIуанэ Iыхьэр къызэрыкIуэ преверб *дэ*-щ (*пщIантIэм дэтын*).

Преверб *щхьэдэ*-кIэ лэжьыгъэцIэ хъейхэм я псалъэпкъхэр къохъу, унэтIыныгъэр предмет гуэрым щхьэпрыкIыу къызэрыхъур къагъэлъагъуэу, псалъэм папщIэ: *щхьэдэхын* «зыгуэрым ебэкъуэн, щхьэпрыпщын»; *щхьэдэдзын* «зыгуэрым зыгуэр щхьэпрыдзын»; *щхьэдэхун* «зыгуэрым щхьэпрыкIыу зыгуэр зыщIыпIэ хун».

**Преверб *щхьэры*-**м щхьэ, предметым и щхьэ Iыхьэ уегъаплъэ. Мы превербымкIэ къохъу лэжьыгъэцIэ хъейхэми мыхъейхэми я псалъэпкъхэр, псалъэм папщIэ: *щхьэрысын* «зыгуэрым и щхьэмкIэ зыгуэр щысын»; *щхьэрытын* «зыгуэрым и щхьэмкIэ зыгуэр щытын»; *щхьэрылъын* «зыгуэрым и щхьэмкIэ зыгуэр щылъын»; *щхьэрыхын* «зыгуэрым и щхьэм зыгуэр щыхын, фIэхын»; *щхьэрытIэгъэн* «зыгуэрым и щхьэм зыгуэр фIэлъхьэн, щытIэгъэн».

Мыбы хэт *р-* Iыхьэр фонетикэ пыхъуэщ.

**Преверб *щхьэщы-*.** Преверб *щхьэщы*-р IыхьитIу зэхэтщ: япэ Iыхьэр – *щхьэ* псалъэрщ, етIуанэ Iыхьэр – къызэрыкIуэ преверб *щы*-рщ. И мыхьэнэкIэ *щхьэщы*-р япэгъунэгъущ *щхьэдэ-*, *щхьэры-* превербхэм, псалъэм папщIэ: *щхьэщытын* «и щхьэмкIэ зыгуэр къытетын, щытын»; *щхьэщылъын* «и щхьэмкIэ зыгуэр къытелъын, щылъын»; *щхьэщыкIын* «и щхьэмкIэ зыгуэр текIын»; *щхьэщыхын* «и щхьэмкIэ зыгуэр щыхын, техын».

**Преверб *щхьэпыры-*.** Зэрызэхэт елъытакIэ мыбы хохьэ: *щхьэ*, *пы (пэ)*, *р-*. *Р-* Iыхьэр мыбдежми пыхъуэщ. Преверб *щхьэпыры*-р лэжьыгъэцIэ хъейхэм я псалъэпкъхэм я гъусэу къагъэсэбэп. И мыхьэнэкIэ *щхьэпыры*-р пэгъунэгъущ *щхьэщы-* превербым. Елъыт: *щхьэп(ы)рыкIын* // *щхьэщыкIын*; *щхьэп(ы)рылъэтын* // *щхьэщылъэтын*.

**Преверб *Iэпы-*.** КъызытекIар компонентитIу зэхэт *Iэпэ* «Iэпхъуамбэ» псалъэпкъ зэхэлъырщ: *Iэ* «цIыхум и дамэм къыщегъэжьауэ IэпхъуамбэхэмкIэ иух Iэпкълъэпкъ», *пэ* «къегъэжьапIэ, зыгуэрым и къыщIэдзапIэ Iыхьэ». И мыхьэнэкIэ преверб *Iэпы*-р пэгъунэгъущ *IэщIэ*-м. Ауэ, *IэщIэ*-м къыщхьэщыкIыу, *Iэпы-* превербыр зыпыувэр лэжьыгъэцIэ хъей псалъэпкъхэм ящыщ зымащIэрщ, псалъэм папщIэ: *IэпыкIын* «зыгуэрым и унафэм щIэкIын, IукIыжын, хыфIэдзэн»; *Iэпыхун* «Iэм IэщIэлъ гуэр IэщIэкIын». Елъыт: *Iэрыхьэн* «Iэм зыгуэр IэщIэлъ хъун»; *IэрытIэгъэн* «Iэм зыгуэр щытIэгъэн, фIэлъхьэн», *Iэрыхын* «Iэм Iэрылъ гуэр фIэхын».

## Лъабжьэпэ зэхэлъхэр

Язэхуэдэныгъэ лъабжьэпэ *зэ*-р ящыщщ лъабжьэгъусэ морфемэ зэхэлъ гуп мащIэм. ИщхьэкIэ зэрыщыжыIащи, лъабжьэгъусэ морфемэ зэхэлъхэр лэжьыгъэцIэ псалъэпкъхэр зэрызэхэлъ Iыхьэхэм ящыщ мэхъу.

ЛэжьыгъэцIэхэм **лъабжьэпэ** ***зэхэ***-р (<*зэ*- + щIыпIэ преверб *хэ*-) хэту къыщыкIуэм деж къагъэлъагъуэ:

а) зэщIыгъу щытыкIэ, зэщIыгъуу ялэжь Iуэхугъуэ, псалъэм папщIэ: *зэхэтын* «зэгъусэу щытын», *зэхэлъын* «зэгъусэу щылъын», *зэхэсын* «зэгъусэу щысын», *зэхэгъэлыбжьэн* «зэгъусэу гъэжьэн», *зэхэпщэн* «зэгъусэу пщын», *зэхэхьэжэн* «зэгъусэу хьэжын»;

б) Iуэхугъуэр ирикъуу зэрыгъэзэщIар, псалъэм папщIэ: *зэхэцIэлэн* «цIэлэн (зэрыщыту)», *зэхэчэтхъэн* «(чэтхъэн, фыщIын (псори)».

Лъабжьэпэ *зэхэ*-м нэгъуэщI мыхьэнэ хелъхьэ *зекIуэн* лэжьыгъэцIэм хуэдэхэм, елъыт: *зэхэзекIуэн* «лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ къыщыкIухьын», *зэхэзежэн* «лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ къыщыжыхьын».

**Лъабжьэпэ** ***зэщIэ***-м (<*зэ*- + щIыпIэ преверб *щIэ*-) лэжьыгъэцIэхэм хелъхьэ Iуэхугъуэр щызу щытыныгъэ, ар щIэгъэхуэбжьауэ екIуэкIыныгъэ, зэщIыгъуу гъэзэщIэныгъэ мыхьэнэхэр, псалъэм папщIэ: *зэщIэпхъэнкIэн* «псори, къанэ щымыIэу пхъэнкIын»; *зэщIэкъуэн* «псори, къанэ щымыIэу Iухын»; *зэщIэкIэн* «псори, къанэ щымыIэу удзым зэщIиблэн»; *зэщIэлIэн* «псори, къанэ щымыIэу лIэн»; *зэщIэплъэн* «зэрыщыту къэплъын»; *зэщIэхъеен* «псори хъеин, хъейуэ щIадзэн»; *зэщIэшэсэн* «псори шэсын»; *зэщIэбэгэн* «зыгуэр бэгын (зэрыщыту)»; *зэщIэдиен* «зэрыщыту щIыIэм исын», *зэщIэлэн* «псори лэн».

**Лъабжьэпэ** ***зэхуэ***-м (<*зэ*- + зыхуэгъэза-лъэныкъуэ лъабжьэгъусэ *хуэ*) унэтIыныгъэр лъэныкъуэ зэмыщхьхэмкIэ къикIыу зы щIыпIэ хэха гуэрым хуэкIуэныр къегъэлъагъуэ, псалъэм папщIэ: *зэхуэсын* «зы щIыпIэм щызэхуэзэн», *зэхуэкIуэн* «зыр зым хуэунэтIауэ кIуэн», *зэхуэунэтIын* «зыр зым зэхуэзэну унэтIын». Апхуэдэ зэхэлъыкIэ дыдэ яIэщ мыбыхэми: *зэхуэтхьэусыхэн*, *зэхуэупсэн*, *зэхуэзэн*.

Зыгъэзэж-зыхуэгъэза лэжьыгъэцIэхэм объект мыблагъэм 3-нэ щхьэм, закъуэ бжыгъэм и лъабжьэгъусэхэр зэрахэмытым къегъэщI грамматикэ IукIэзэщхьыгъэр, елъыт: *зы-ху-з-о-щI* 1) «абы щхьэкIэ сэ зызогъэхьэзыр, зызызогъэпэщ»; 2) «си щхьэм щхьэкIэ сощIэ»; *зы-ху-б-о-щI* 1) «абы щхьэкIэ зыбогъэхьэзыр»; 2) «уи щхьэм щхьэкIэ бощIэ»; *зы-ху-е-щI* 1) «абы щхьэкIэ зегъэхьэзыр»; 2) «и щхьэм щхьэкIэ ещIэ, елэжь».

Апхуэдэ IукIэзэщхь зыгъэзэж-зыхуэгъэза гъэпсыкIэхэр къызытехъукI лэжьыгъэцIэ лъэIэс псалъэпкъхэр куэд хъуркъым.

**Лъабжьэпэ** ***зэбгыры***- (*зэ*- + *бгы*, елъыт: *бгы* «цIыхум и Iэпкълъэпкъым щыщу бгъэмрэ шхужьымрэ я зэхуаку дэлъ нэхъ псыгъуапIэр; кIэнтIыIум хуэзэ къэгъэшыпIэр») зыпыувэ лэжьыгъэцIэхэм къагъэлъагъуэ:

а) и кум къыщыщIэдза, лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ кIуэ унэтIыныгъэ, псалъэм папщIэ: *зэбг(ы)рыжын* «жэрыжэкIэ лъэныкъуэ-лъэныкъуэкIэ зэбгрыкIын»; *зэбг(ы)рыкIын* «зы щIыпIэм икIыу лъэныкъуэ-лъэныкъуэкIэ кIуэн»; *зэбг(ы)рылъэлъын* «лъалъэу адэкIэ-мыдэкIэ икъухьа хъун, зэбгрыщэщын».

б) лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зызыубгъу Iуэхугъуэ, псалъэм папщIэ: *зэбг(ы)рыдзын* «зыгуэр лъэныкъуэ-лъэныкъуэкIэ дзын»; *зэбг(ы)рытхъун* «зыгуэр лъэныкъуэ-лъэныкъуэкIэ тхъун»; *зэбг(ы)рыхын* «зыгуэр лъэныкъуэ-лъэныкъуэкIэ хьын».

Лъабжьэпэ ***зэлъы***-*р* (<*зэ*- + щIыпIэ преверб *лъы*-) инэхъыбэм лъабжьэпэ *Iу*-кIэ къэхъуа лэжьыгъэцIэ хъейхэм я псалъэпкъым дэщIыгъуу къокIуэ.

Лъабжьэпэ *зэлъы*-р зыхэт лэжьыгъэцIэхэр я мыхьэнэкIэ ещхьщ *зэбгыры*-лъабжьэпэ зыхэт лэжьыгъэцIэхэм, елъыт: *зэлъыIутхъун* «куэд хъу гуэр

зэлъыIугъэкIуэтын»; *зэлъыIукIуэтын* «гупыр лъэныкъуэ-лъэныкъуэкIэ IукIуэтын»; *зэлъыIукIын* «гупыр лъэныкъуэ-лъэныкъуэкIэ IукIуэтын».

Лъабжьэпэ ***зэпкъыры***- (<*зэ*- + щIыпIэ преверб *пкъыры*-). Мы лъабжьэпэр зыщIыгъу лэжьыгъэцIэхэм къагъэлъагъуэ:

а) Iыхьэ-Iыхьэу гуэшыныгъэ, псалъэм папщIэ: *зэпкъ(ы)рыхын*; *зэпкъ(ы)ры-удын*;

б) Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпыщIэныгъэ, зэгуэгъэхьэныгъэ, псалъэм папщIэ: *зэпкъ(ы)рылъхьэн*; *зэпкъ(ы)рыукIэн*.

Лъабжьэпэ *зэпкъыры*-р япоувэ *(щы)-ты-н*, *(щы)-лъы-н* мыхъей лэжьыгъэцIэхэм я псалъэпкъхэм, еплъ: *зэпкъ(ы)рытын*; *зэпкъ(ы)рылъын*.

И мыхьэнэкIэ **лъабжьэпэ зэхэлъ** ***зэIы***-*р* (<*зэ*- + щIыпIэ преверб *Iы*-< *Iу*-) и гъунэгъущ *зэпкъыры*-м, абы къызэрыщхьэщыкIыр нэхъыбэрэ къызэрагъэсэбэпымкIэщ, псалъэм папщIэ: *зэIытхъын* «Iыхьэ-Iыхьэу зыгуэр зэфIэтхъын», *зэIышын* «зыгуэр хэпшыурэ нэхъ ин щIын», *зэIытIэтIын* «зыгуэр тIатIэ хъуурэ зэрыт щытыкIэм икIын», *зэIыудын* «зыгуэр фIыуэ удэн», *зэIыхын* «псо гуэр Iыхьэ-Iыхьэ щIын».

Лъабжьэпэ ***зэфIэ***- (<*зэ*-+ щIыпIэ преверб *фIэ*-): *зэфIэмэхэн* «къэмэхын», *зэфIэдыкъэн* «щIыIэм исын». Мыр нэхъ мащIэрэ къагъэсэбэп лIэужьыгъуэхэм ящыщщ.

КъызэщIэткъуэжмэ, ди къэхутэныгъэм кърикIуар мыращ: предмет зэхуэмыдэхэм яIэ щытыкIэр преверб зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ къэгъэлъэгъуа мэхъу. Этимологие и лъэныкъуэкIэ превербхэр гуэшыпхъэщ япэрейхэрэ (*дэ*-, *хэ*-, *и*-, *т*-) етIуанэрейхэу (*блэ*-, *пэ*-, *лъы*-, *гуэ*-, *кIуэцIы*-, *Iэпы*-). Морфемэ зэхэлъыкIэ зиIэ превербхэр зэщхьэщыпх хъунущ къызэрыкIуэрэ (*дэ*-, *хэ*-, *и*-, *те-, блэ-, пы-, лъы, гуэ-.*) зэхэлъу (*Iэпы*-, *щхьэщы*-, *бгъэдэ*-, *кIэры*-, *пхыры*-). Лэжьыгъэм щхьэхуэу къыщыхьащ лъабжьэпэ зэхэлъхэм я зэпкърыхыныгъэр, мы Iыхьэм щыубзыхуащ абыхэм я къэхъукIэ-зэхэлъыкIэр.

Превербхэм я фонетикэ зэхэтыкIэм и нэщэнэщ ахэр макъ дэкIуашэкIэ е макъзешэ ныкъуэ фонемэкIэ къызэрыригъажьэр. Превербхэм я гъэпсыкIэ лIэужьыгъуэ псори къеббжэкIыну гугъущ, иджырей адыгэбзэм я увыпIэкIэ ахэр щызэтехуэми.

## ТегъэщIапIэхэр


1. *Джаурджий Хь.З., Дзасэжь Хь.Е.* Адыгэбзэ. Япэ Iыхьэ. Налшык: Эльбрус, 1995. 288 н.

2. *Дзуганова Р.Х.* Морфонологические процессы в кабардино-черкесском словообразовании. Нальчик: Эль-Фа, 2005. 216 с.

3. *Дзуганова Р.Х., Кумыкова Д.М.* Принципы описания морфонологических явлений в глаголе кабардино-черкесского языка // Фундаментальные исследования. 2015. № 2–7. С. 1542–1545.

4. *Дзуганова Р.Х.* Особенности функционирования преверба *щы*- в глаголе кабардино-черкесского языка // Кавказская филология: история и перспективы. К 90-летию Мухадина Абубекировича Кумахова: сборник научных статей. Институт гуманитарных исследований – филиал ФГБНУ «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук». 2019. С. 123–135.

5. *Урыс Хь.Щ.* Адыгэбзэм и тхыдэ. Налшык: Эльбрус, 2000. 360 н.

6. *ГКЧЯ* – Грамматика кабардино-черкесского литературного языка. Ч. 1. Фонетика и Морфология. М.: Наука, 1970. С. 168–181.

7. *Кумахов М.А.* Морфология адыгских языков. Синхронно-диахронная характеристика. Нальчик: Кабардино-Балкарское книжное издательство, 1964. 272 с.

8. *КЧЯ* – Кабардино-черкесский язык. В 2 т. Т. I. Нальчик: Республиканский полиграфкомбинат им. Революции 1905 г., Эль-Фа, 2006. 552 с.

9. *Шарданов А.Х.* Формально-семантические особенности некоторых превербов // Актуальные вопросы адыгских языков. Нальчик: ВСГИ, 1981. С. 9–18.

# ОСНОВНЫЕ ВИДЫ МЕСТНЫХ ГЛАГОЛЬНЫХ ПРЕФИКСОВ (ПРЕВЕРБОВ) КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОГО ЯЗЫКА

**Шериева Нина Гумаровна**, кандидат филологических наук, старший научный сотрудник сектора кабардино-черкесского языка Института гуманитарных исследований – филиала Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук» (ИГИ КБНЦ РАН), nina.sherieva@mail.ru

Основной задачей статьи является выявление местных превербов кабардино-черкесского языка, определение семантики, формы и приемы их использования. В работе подробно рассматриваются морфологические и словообразовательные особенности превербов кабардино-черкесского языка. Для того чтобы определить построение языка, в работе описываются способы образования превербов, также раскрываются вопросы их этимологической семантики и составных частей.

Одной из ярких специфических особенностей кабардино-черкесского языка является то, что глагольные значения, выражаемые в индоевропейских и многих других языках мира описательно, целой тирадой, здесь формулируются одним префиксом. Подобное явление представляет интерес не только для адыговедения, кавказоведения, но и для теории языкознания.

Одно из главных новшеств статьи – это впервые примененная система адыгоязычных лингвистических терминов, разработанная доктором филологических наук Бижоевым Б.Ч.

**Ключевые слова**: кабардино-черкесский язык, глагол, приставка, направительный преверб, местный преверб, морфология, языкознание.

# MAIN TYPES OF LOCAL VERB PREFIXES (PREFIXES) OF THE KABARDINO-CHERKASSIAN LANGUAGE

**Sherieva Nina Gumarovna**, Candidate of Philology, Senior Research Associate of the Sector of the Kabardino-Circassian language of the Institute for the Humanities Research – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardian-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences» (IHR KBSC RAS), nina.sherieva@mail.ru

The main objective of the article is to identify the local preverbs of the Kabardino-Circassian language, to determine the semantics, forms and methods of their use. The work examines in detail the morphological and derivational features of the preverbs of the Kabardino-Circassian language. In order to determine the structure of the language, the work describes the methods of forming preverbs, and also reveals the issues of their etymological semantics and components.

One of the striking specific features of the Kabardino-Circassian language is that the verbal meanings expressed in the Indo-European and many other languages of the world descriptively, in a whole tirade, are here formulated with one prefix. Such a phenomenon is of interest not only for Adyghe studies, Caucasian studies, but also for the theory of linguistics.

One of the main innovations of the article is the first applied system of Adyghe language linguistic terms, developed by the doctor of philological sciences Bizhoev B.Ch.

**Keywords**: Kabardino-Circassian language, verb, prefix, directional preverb, local preverb, morphology, linguistics.

DOI: 10.31007/2306-5826-2021-1-48-37-48